



Olga Hugelmeyer
Superintendent of Schools

4 Mas 2022

A Kominote Aprantisaj Pwofesyonèl Lekòl Piblik Elizabeth,

Nan dat 7 Fevriye 2022, Governor Murphy te anonse ke **Dekrè Egzekitif 251, manda mask pou tout lekòl New Jersey yo, pral ekspire 7 Mas 2022.**

Pou obzève avèk ekspirasyon Dekrè Egzekitif 251 la ak konsèy ajou CDC a, ansanm ak konsiltasyon ak ofisye sante vil Elizabeth, **Lekòl Piblik Elizabeth pral fè mete mask nan batiman lekòl yo opsyonèl pou anplwaye ak elèv yo apati Lendi, 7 Mas 2022.**

Dènyèman, CDC te pibliye direksyon ki ajou, ki gen ladann nouvo mezi yo rele “Nivo Kominote COVID-19 yo”, ki la pou ede kominote yo ak moun yo pran desizyon sou estrateji prevansyon ki baze sou kontèks lokal yo ak bezwen inik yo. [Nivo Kominote CDC Covid-19 yo](#) detèmine pa nouvo ka moun ki al lopital ki gen rapò ak Covid pandan semèn avan an ak pousantaj kabann lopital ki okipe pa pasyan Covid yo, ansanm ak nouvo ka kowonaviris pou chak 100,000 moun semèn avan an.

Daprè biwo a, sèlman zòn ki gen gro risk ta dwe mande pou tout moun mete yon mask. Daprè nouvo direktif yo ak done aktyèl nivo kominote yo, CDC sijere ke 70 pousan Ameriken kapab kounyè a sispann mete mask akòz yo nan kategori nivo kominote COVID-19 ki ba oswa medyòm. Nan moman sa, Union County nan kominote nivo medyòm.

CDC di tou ke nan tout nivo kominote a, moun ka mete yon mask ki baze sou preferans pèsònèl, enfòmè pa nivo risk pèsònèl tankou kondisyon medikal ki deja egziste oswa konsiderasyon pou kondisyon medikal moun ki ka nan kontak pwòch ak lòt moun. Moun ki gen sentòm, yon tès pozitif, oswa ekspoze a yon moun ki gen COVID-19 ta dwe mete mask. Biwo a rekòmande tou moun ki poko pran vaksen yo ta dwe mete mask menm nan zòn kote risk yo ba.

Nou rekonèt ke anons sa ka pote plizyè panse ak santiman diferan nan tout kominote aprantisaj nou an pandan yon tranzisyon ap fèt pou pran desizyon pou mete oubyen pa mete mask nan lekòl se yon chwa pèsònèl e prive.

Li enpòtan anpil pou nou kontinye ankouraje yon kominote aprantisaj ki janti, ki pran ka moun, ak konprann doulè elèv, fanmi, ak manm ekip yo lè nou manifeste respè ak konpreyansyon. Yon etap enpòtan nou tout ka pran ansanm pandan nou ap kontinye fè tranzisyon nan yon sans retounen viv nòmal se pou nou evite atire atansyon sou

Office of the Superintendent of Schools


desizyon pèsonèl ki te pran ki gen rapò ak mete oswa pa mete mask yon fwa manda a ekspire.

Tanpri, ann mete l byen klè ke mezi disiplinè apwopriye pral aplike pou asire ke okenn elèv oswa manm ekip yo pa trete yon fason diferan oswa sibi arasman, entimidasyon, oswa pèsekisyon daprè desizyon yo pran pou mete oswa ou pa mete mask nan lekòl la.

Jan sa te fèt la depi kòmansman pandemi an, si Depatman Sante New Jersey oswa Depatman Edikasyon ta bay plis konsèy, distri a pral kolabore avèk ofisyèl sante lokal nou an epi mete ajou pwotokòl sante ak sekirite nou yo jan sa sipoze fèt.

Mèsi pou tout sa ou fè pou ede elèv Lekòl Piblik Elizabeth kontinye reyisi ansanm ak sipò, pasyans, ak fleksibilite pandan moman difisil sa yo.

Sensèman,



Olga Hugelmeyer